

Fòm pou ranbousman frè nan famasi pa korespondans pou manm MassHealth



Konnen tanpri, fòm sa a sèlman dwe itilize pou ranbousman frè acha nan famasi pa korespondans si w gen yon asirans medikal prive tèlke nan travay ou anplis pase MassHealth.

MassHealth gendwa ka ranvouse manm yo pou sa yo peye yomenm pou frè kòmman pa korespondans nan famasi pou sèvis MassHealth kouvri lè yon manm MassHealth ap chèche ranpli preskripsyon pa korespondans nan famasi e se pou l peye frè kòmman pa korespondans nan famasi a (tèlke ko-asirans, kopeman, e dediktib) danvans bay founisè a dapre politik nan kouvèti asirans prive pa yo a. Avantaj siplemantè sa a pèmèt manm yo achte preskripsyon pa korespondans rapid san yo pa gen okenn frè siplemantè pou peye.

Pou asire kòmman ou an resevwa epi trete nan yon tan rezonab, mete tanpri tout enfòmasyon yo sou fòm sa a epi retounen l avèk yon Eksplikasyon sou benefis (ki disponib nan men konpayi asirans lan) pou dat sèvis ou te gen pou w peye yon frè avèk pwòp lajan pa w. Si gen yon dokimantasyon ki pa byen fin ranpli, sa gendwa met reta sou verifikasyon frè ou peye oumenm, sa ki ka mete reta pou peman fèt. Pwogram kowòdinasyon e rekipasyon benefis (Benefit Coordination and Recovery Program, BCR) ap revwa demann ou fè pou ranbousman frè kòmman pa korespondans nan famasi ou peye oumenm lan e l ap kontakte w (oubyen yon paran / responsab) si l gen kesyon l ap poze. Yon fwa demann ou an egzamine, apwouve, epi trete, ranbousman MassHealth la ap peye sou 21 jou sivil. Kesyon sou estati demann pou ranbousman an ka poze an dirèk nan nimewo telefòn sèvis kliyan BCR la nan (800) 462-1120.

Note byen : Li rekòmande pou demann pou ranbousman an soumèt sou yon lane apre dat sèvis la pou tout peman ou peye oumenm pou ka asire demann ou fè a trete nan yon tan rezonab. Ou ka soumèt yon maksimòm 5 dat sèvis nan chak demann pou ranbousman ou fè.

Lis kontwòl pou ranbousman :

- Preskripsyon an te ranpli nan yon founisè preskripsyon pa korespondans andeyò eta a, pa nan yon famasi ki vann an detay.
- Sèvis la kalifye pou ranbousman pou kòmman pa korespondans nan famasi ou peye oumenm.
- Manm lan se yon manm MassHealth ki admisib nan dat sèvis la / yo.
- Dokimantasyon ki soumèt la koresponn ak montan ranbousman ki mande a.
- Demann pou ranbousman an gen ase prèv sou peman, tèlke yon chèk ki anile, relve kat kredi.
- Mete yon eksplikasyon sou benefis (Explanation of Benefit, EOB) ki soti nan famasi ki fè vant pa korespondans lan pou konfime demann pou ranbousman an.
- Frè ekspedisyon e tretman pa dwe nan montan pou ranbousman ki mande a.

Definisyon :

1. **Non :** Non w, jan li parèt sou katon idantifikasyon MassHealth ou a.
2. **Nimewo didantite manm MassHealth la :** Nimewo didantite 12 chif manm lan ki sou katon idantifikasyon MassHealth ou a.
3. **Dat ou fèt :** MM/DD/AAAA
4. **Adrès :** Adrès konplè kote pou voye chèk ranbousman an.
5. **Nimewo telefòn :** Nimewo telefòn lajounen ou prefere nou ka itilize pou w kontakte w si n gen kesyon n ap poze w.
6. **Dat sèvis la :** Dat ou resevwa sèvis kòmman pa korespondans nan famasi a.
7. **Tip sèvis ou resevwa :** Sèvis ou resevwa nan famasi pa korespondans lan (sipoze yon sèvis famasi MassHealth kouvri).
8. **Kòmman famasi pa korespondans lan rele :** Kòmman famasi pa korespondans lan rele.
9. **Ki adrès famasi pa korespondans lan :** Adrès famasi pa korespondans lan.
10. **Nimewo telefòn famasi pa korespondans lan :** Nimewo telefòn famasi pa korespondans lan.
11. **Frè manm lan peye limenm :** Montan kopeman, dediktib oubyen ko-asirans ki site nan EOB a kòm responsablite manm lan oubyen montan ou peye pou sèvis ou resevwa.
12. **EOB :** Eksplikasyon sou benefis yo - w ap jwenn sa nan men konpayi asirans ou an oubyen nan men famasi ki vann pa korespondans lan. Mete sa avèk fòm ranbousman an ap ede akselere tan tretman demann lan.
13. **Prèv sou peman :** Dokimantasyon ki endike manm lan peye frè kòmman pa korespondans lan limenm bay famasi pa korespondans lan tèlke yon chèk ki anile, relve kat kredi, etc.

Direktiv :

1. Ranpli **tout fòm sa a nèt** epi siyen non w nan seksyon siyati ki anba sou paj sa a.
2. Founi **eksplikasyon sou benefis (Explanation of Benefits, EOB) pou sèvis ki resevwa yo.**
3. Founi **enfòmasyon sou peman ki jistifye tèlke chèk ki anile oubyen relve kat kredi.**
4. Retounen fòm ki ranpli a nan youn nan fason ki make annapre la :
 - a. **Faks :** (617) 886-8134 (liy sijè a : Benefit Coordination and Recovery Refund Request)
 - b. **Lapòs :** Benefit Coordination and Recovery Program
Member Pharmacy Mail Order Reimbursement
PO Box 2816
Worcester, MA 01613

Pati 1 : Enfòmasyon sou manm e titilè politik la

1. Kòman manm lan rele : _____
2. Nimewo didantite manm MassHealth la : _____
3. Dat nesans : _____
4. Adrès manm lan (nimewo e non lari a, vil, eta, kòd postal) : _____
5. Nimewo telefòn manm lan : _____
6. Nimewo politik asirans lan : _____
7. Non titilè politik la : _____
8. Relasyon titilè politik la pou manm lan (limenm, paran, etc.) : _____

Pati 2 : Enfòmasyon sou sèvis ki resevwa

1. Dat sèvis (Date of Service, DOS), peman manm lan fè limenm (\$), epi non preskripsyon an – maksimòm lan se senk nan tout demann pou ranbousman ki fèt :

	DOS 1	DOS 2	DOS 3	DOS 4	DOS 5
Dat sèvis					
Depans (\$)					
Non preskripsyon an					

2. Kòman famasi pa korespondans lan rele : _____
3. Adrès famasi pa korespondans lan : _____

Pati 3 : Enfòmasyon sou peman

Peman an dwe voye bay nan : Manm ki site nan Pati 1 Paran / responsab manm lan

1. Adrès manm lan (nimewo e non lari a, vil, eta, kòd postal) : _____
2. Atansyon non manm oubyen paran / responsab la : _____
3. Moun k ap resevwa ranbousman an : _____
MassHealth ID # (si w gen youn) : _____

Siyati :

Sou pèn sanksyon poutèt paj, m sètifye sa ki deklare sou fòm sa a korèk e konplè dapre tout konesans mwen yo.

Siyati manm oubyen paran / responsab la : _____ Dat : _____